

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun adegan pragmatis kalimah panyeluk dina kumpulan carpon Panggung Wayang karangan Aam Amilia. Dumasar kana hasil panalungtikan jeung déskripsi data, hasil panalungtikan adegan pragmatis kalimah panyeluk dina kumpulan carpon Panggung wayang kapanggih 259 kalimah panyeluk, anu dianalisis dumasar kana (1) wanda kalimah panyeluk, (2) adegan kalimah panyeluk, (3) ma'na pragmatis kalimah panyeluk, jeung (4) tahapan pragmatis kalimah panyeluk.

Kahiji, wanda kalimah panyeluk mangrupa papasingan kalimah panyeluk disawang tina adegan internalna anu kabagi jadi 3 nyaéta wanda panggentra, wanda salam jeung wanda anteuran. Dumasar hasil analisis data, lolobana kapanggih kalimah panyeluk dina wanda anteuran, jumlahna 211. Sésana dina wanda panggentra 44 kalimah, jeung dina wanda salam 4 kalimah.

Kadua, adegan kalimah panyeluk nyaéta papasingan kalimah dumasar kana strukturna. Adegan kalimah panyeluk dibédakeun jadi kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna. Dumasar kana hasil analisis data lolobana kapanggih kalimah panyeluk dina adegan kalimah sampurna nyaéta 156 sarta sésana mangrupa adegan kalimah teu sampurna nyaéta 103.

Dina kalimah sampurna kabagi 8 pola. Dina unggal pola kabagi jadi sababaraha subpola. Pola kalimah anu panglobana kapanggih dina pola $Kpy+J+C_{\pm} [Tpy_{\pm}Tpny_{\pm}Ttk_{\pm}Tkm]$ jumlahna aya 101 kalimah, ieu pola kabagi jadi 47 pola. Sésana kapanggih dina pola $Kpy+J + C +Kat_{\pm} [Tpy_{\pm}Tpny_{\pm}Ttk_{\pm}Tkm]$, Pola $Kpy+J+C+Pang_{\pm} [Tpy_{\pm}Tpny_{\pm}Ttk_{\pm}Tkm]$, Pola $Kpy+J+C+U_{\pm} [Tpy_{\pm}Tpny_{\pm}Ttk_{\pm}Tkm]$, pola $Kpy+C+Pang+Tkm$, pola $Kpy+C+Kat+Ttk$, pola $Kpy+C+U+Kat+Ttk$ jeung pola $Kpy+J+Kat+Ttk$.

Dina kalimah teu sampurna miboga 4 pola. Dina unggal pola kabagi jadi sababaraha subpola. Pola kalimah anu panglobana nyaéta dina pola $Kpy+C \pm [Tpy\pm Ttk\pm Tpy\pm Tkm]$, ieu pola kabagi jadi 15 subpola. Sésana kapanggih dina pola $Vok \pm Tpy\pm Ttk$, pola $Kpy+Kat \pm [Ttk\pm Tpy\pm Tpny]$, jeung pola $Kpy+J \pm [Tpy\pm Tkm\pm Ttk\pm Tpny]$.

Katilu, ma'na pragmatis kalimah panyeluk mangrupa papasingan kalimah panyeluk dumasar kana ma'na kalimah panyeluk anu dipatalikeun jeung kontéks situasina. Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 17 ma'na pragmatis kalimah panyeluk. Lolobana kapanggih kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna keuheul jumlahna aya 30. Sésana dina ma'na pragmatis sedih, héran, panggentra, kagét, keuheul, pangajak, tumampreak, panghaturan, tengtrem, reueus, éra, hariwang, geuleuh, gumbira, bingung, sieun jeung salam.

Kaopat, tahapan pragmatis kalimah panyeluk nyaéta tatakrama basa atawa undak-usuk basa, anu mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Tina hasil analisis data kapanggih aya tilu tahapan pragmatis kalimah panyeluk. Tahapan pragmatis anu panglobana nyaéta tahapan pragmatis wajar, jumlahna aya 206. Sésana tahapan pragmatis lemes jeung kasar.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur aya sawatara rékoméndasi anu rék ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan téh ngajaring kalimah panyeluk dina ragam basa tinulis, nyaéta ragam basa sastra dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amalia. Ieu hal dibalukarkeun ku samporétna waktu panalungtikan anu teu ngamungkinkeun pikeun dilaksanakeunana anu sumber basana lisan. Ku kituna, bakal leuwih hadé lamun kahareupna panalungtikan ngeunaan adegan pragmatis kalimah panyeluk téh dimekarkeun maké sumber ragam basa lisan.

Kadua, ieu panalungtikan dianalisis dumasar kana wanda, adegan, ma'na pragmatis jeung tahapan pragmatis kalimah panyeluk. Ieu panalungtikan téh sabenerna mah masih bisa dianalisis kalawan jembar. Ku kituna, hadena mah kahareupna ieu panalungtikan téh dijembaran deui analisisna saperti nganalisis wangun kalimahna, maksim pagunemanana jst.

Katilu, sok sanajan dina SKKD pangajaran kalimah panyeluk téh teu nyampak sacara langsung, tapi ieu kalimah panyeluk téh wajib dipikaweruh ku siswa. Ku kituna, ieu panalungtikan téh bakal leuwih hadé lamun diulik bahan ajarna ogé.

